



Sijè: Konsèy Jistis Anviwònman an – Revinyon An Pèsòn ak von Opsyon Vityèl–11 Jwen, 2026

Chè Pati Prenant nan Jistis Anviwònman an,

Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman (EEA) a ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònman an (EJC) pou pwochen reyinyon li a nan dat **11 Jwen, 2026, apati 6:30 pm (EST)**. Manm Konsèy yo pral chita pale sou Mikwo-rezo (Microgrids) ak Lòd Egzekitif sou Pwovizyon Enèji. N ap rezève yon lè espesyal nan reyinyon an pou piblik la fè kòmantè jeneral.

Tanpri, itilize lyen sa a pou w ka enskri nan reyinyon an:

https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_opu8sC1lRF2KgC28H9u5Fw

Lojisyèl. Reyinyon sa a ap fèt an pèsòn nan lokal Sant Hitchcock pou Anviwònman an, avèk yon opsyon vityèl atravè Zoom. Nou estime reyinyon an ap dire 90 minit. Blding lan sitiye nan 845 West St, Amherst, MA 01002. Pou w ale, ou ka pran otobis 31, 38, 38NS, ak 39 yo (gade gid sa a [bus guide](#)). Pou enstriksyon sou kijan pou w ale sou machin, vizite lyen sa [this link](#). Pakin ap disponib nan espas pakin ki tou pre a sant la.

Sipò pou Entèpretasyon. N ap gen sèvis entèpretasyon disponib vityèlman sou Zoom nan lang sa yo, Espanyòl, Mandaren, Vietnamiyen, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Kap-Vèd, Pòtigè, ak Lang Siy Ameriken (ASL). N ap gen entèprèt an-pèsòn tou nan lang sa yo Espanyòl, Mandaren, Kambodjyen, ak Kreyòl Kap-Vèd. Si w bezwen entèpretasyon nan yon lòt lang oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri ekri demann sa a nan yon imèl voye bay meetings@erg.com. Demann yo dwe soumèt 48 èdtan anvan lè reyinyon an kòmanse. Pou jwenn enfòmasyon sa a an Anglè an gwo lèt oswa an Bray (tip pwen), rele 1-877-623-6765. TTY: 1877-623-7773.

Lwa Reyinyon Piblik la. Konsèy EJ a fonksyone anba Lwa Reyinyon Piblik la [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] epi akeyi manm piblik la ki vle obsève reyinyon fòmèl yo.

Plis Enfòmasyon Sou EJC:: Gouvènè a nonmen EJC a pou konseye epi bay Sekretè EEA a rekòmandasyon sou règleman ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Lalwa leta a defini prensip sa yo kòm “prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon anviwònman an ak kapasite pou viv nan epi jwi yon anviwònman pwòp epi ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas sosyal, dezabilite/andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans relijye oswa konpetans yon moun nan lang Anglè, sa ki enkli: (i) patisipasyon enpòtan tout moun anrapò ak devlopman, aplikasyon ak aplikasyon lwa, règleman ak règleman anviwònman yo, sa ki enkli règleman sou chanjman klima; ak (ii) distribisyon ekitab benefis enèji ak anviwònman yo ak chay anviwònman yo.” Lwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a: [<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EJC a, ajanda pwochen reyinyon yo, ak anrejistremman ansyen reyinyon yo isit la: <https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council>. Tanpri, klike sou “Chwazi Lang” sou bò dwat anlè tèt paj wèb la pou w tradui paj la.

Mèsi

María Belén Power
Sou-Sekretè Jistis ak Ekite Anviwònman an
Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman